Пачхьалкхан бюджетни школал хьалхара
дешаран учреждени
«Гуьмсан муниципальни к1оштан
Билтой-Юртара «Берийн беш № 1 «Малх»

Проект

# «Ненан мотт – къоман йуьхь, халкъан орам»

Кечйинарг: кхетош- кхиорхо Ильясова Р.Р.

Боцца чулацам
(аннотация)

1алашо: нохчийн мотт хьал долуш хилар хаийтар, дозуш долу къамел кхиор.
Ненан матте болу безам лакхабаккхар.

1алашонаш:

1амора: ненан маттах долу хаарш 1амор, нохчийн меттан хазалла, исбаьхьалла йовзийтар;

Кхиоран: мотт шарбар, къамел кхиор;

Кхетош – кхиоран: къона т1аьхье синоьздангаллехь кхетош – кхиор; нохчийн метта хазалла, цуьнан марзо кхиорхошна йовзийтар, ненан матте безам кхиор; Даймохк, Нана, Ненан мотт – цхьа з1е юй хаийтар.

Х1ара проект лерина ю вайн ишколе дахаза долучу берийн шен матте, шен нене, шен махке безам кхоллар а, и т1еч1аг1бар а.
Т1екхуьу къона т1аьхье дайн ламасташца, къоман г1иллакх-оьздангаллица, иман долуш хилийтарна лерина бу д1абаьхьна болу болх. Х1ара болх аса д1аболош кхочуш дан т1елаьцна коьрта ши декхар дара: ненан матте кхиорхойн безам кхоллар; биллина ненан мотт цаьрга бийцийтар. Х1ора занятехь, берийн ловзаршкахь, локхучу эшарехь, дуьйцучу туьйранашкахь, берашна вайн нохчийн къоман хаза г1иллакхаш довзийтира ас, цаьрга безам кхолларан т1ехь болх а бира.

**Лазам:** къона т1екхууьуш йолчу т1аьхьено ненан мотт кхоччуш буьйцаш ца хилар; йукъара д1абовш болчу меттанашна йукъахь нохчийн мотт хиларна болу кхерам.

**Проектан эшам:**

«Мотт бу-къам ду, мотт бац-къам дац». Дала деллачу не1матех уггаре коьртаниг шен ненан мотт бу. Мотт къоман са а, цуьнан куьзга а ду. Ненан маттал деза х1ума хила йиш яц къоман кхолламехь, х1унда аьлча, мотт байна къам дуьненан букъ т1ера д1адов.Ткъа къам, матто латтош ду. Шен мотт бицбинчо шен кхерч, ша схьаваьлла бух, дайн мохк бицбо. Шен махке бакъ болу безам хила йиш яц матте безам боцуш.Тахана вай ненан мотт бовш бац олу вай,ткъа ц1ена нохчийн мотт хууш берш дукха бац. Цхьа шо, ле ши шо хьалха санна вай бераша ненан мотт буьйцуш бац.Тахана вайн т1екхуьуш йолчу т1ехьено вай ненан мотт бицбахь церан кхане хир яц. Вешан г1иллакхаш вай д1атийсича, вайх нах хир дац. Ткъа г1иллакхаш муха ларлур ду, ненан мотт ца 1имийча, цуьнан дан ма дезза дола ца дича. Х1ора кхетош кхиорхочун декхар ду аьлла хета суна оца т1аьхь болх бар. Берийн бешахь дуьйна ненан мотт 1амор а, цунна бог1уш болу тидам т1ебахийтар - иза вайн коьрта декхар ду. Х1ара проект т1аьхь болх бар ч1ог1а пайденна ду берашна а, кхетош- кхиорхошна. Берашна шайн ненан мотт хаар - дуьненан бахам буй хуур ду, кхетош - кхиорхошна ненан маттах долу хаарш сов деврду. Дала вайн ненан мотт беза, и лара хьекъал а, кхетам лойла вайна!

1алашо: нохчийн мотт хьал долуш хилар хаийтар, дозуш долу къамел кхиор.
Ненан матте болу безам лакхабаккхар.

1алашонаш:

1аморан: ненан маттах долу хаарш 1амор, нохчийн меттан хазалла, исбаьхьалла йовзийтар;

Кхиоран: мотт шарбар, къамел кхиор;

Кхетош – кхиоран: къона т1аьхье синоьздангаллехь кхетош – кхиор; нохчийн метта хазалла, цуьнан марзо кхиорхошна йовзийтар, ненан матте безам кхиор; Даймохк, Нана, Ненан мотт – цхьа з1е юй хаийтар.

Проектан коьрта чулацам:

Проект кхочуш йеш лелина йолу методаш:

Дешан:

исбаьхьаллийн литература йешар, байташ 1амор, берашца къамел дар, туьйранаш дийцар, б1арга схьагуш долчунт1аьхь болх бар, суьрташка хьажар.

Берашца кхочуш бина болх (практическая работа):

дарс, меттаххьеран ловзарш, п1елгийн ловзарш, туьйран сюжет х1оттор, сюжетно –ролевой ловзар, «Хаарийн б1ов» ц1е йолу къовсам.

Цхьана ханна йолу ресурсаш;

Материально-технический ресурсаш - исбаьхьаллийн литературный маь1иг,

Х1уман кхиарехь кечйина чоь, психологан чоь, (предметно - развивающая среда)

Адмашкара хилла болу пайда- бераш, методист, берийн наной, психолог.

(Человеческие ресурсы)

Проектан декъашхой:

Бераш, кхетош-кхиорхо берийн ц1ахьберш, методист, психолог.

Проектан 1алашонца кечдина бераш-лакхара «Седарчий» ц1е йолчу тобанера пхиъ-йалх шаре девлла, шайн деци-ненаци долу бераш ду.

**Проект кхочушйаран тайпанаш:**

Проект йолоран кечам (подготовительный)

Проектан коьрта дакъа кхочушдар (основной)

Проект йерзор (заключительный)

Леринарг  кхочушйар

| Хан К1иранан денош | Мотодически белхан говзаллаш | 1алашонаш | декъашхой | Жоьпаллийн белхало |
|---|---|---|---|---|
| 29.03.22шо Шинари де | Кхетош- кхиорхочо, бераша вовшашка маршалла хаттар. Байтан барамехь «1уьйре марша йог1ийла вайн…»<br><br>Берашца ненан маттах лаьцна ккъамел<br>Берийн дидактический ловзар «Ненан маттахь дешнаш дукха хьа олу?»<br><br>Берашна ненан маттах йолу самукъане байташ 1амор | Берашна ненан мотт оьший и бийца безий хаийтар<br><br>Берийн ненан маттах долу къамел кхиор; шайн ненан мотт 1алашбаран декхар кхочуш дан дезий хаийтар.<br><br>Берийн ненан маттах долу дешнаш алсам хилийтар.<br><br>Берашна вайн ненан меттан массо аг1онаш йовзийтар | Лакхарчу тобанера береш | Кхетош - кхиорхо |
| 30.03.22шо Кхаари де | Берийн вовшашка маршалла хаттар (ловзаран кепехь)<br><br>«1уьйре дика хилла шун сан б1аьргаш, шу сама-девлли…»<br><br>Берийн 1уьйранлера зарядка д1айахьар (ненан маттахь)<br><br>«Сан хьалхара книга» ц1е йолчу книги т1ийра доьзалх лаьцна долу хаарш довзийтар (аг1о 4-5)<br><br>Исбаьхьллийн дарс д1аяхьар | Берашна ненан маттах йолу самукъане байташ 1амор.<br><br>Берийн могашалла тойарехь д1ахьуш болу болх ненан маттахь д1абахьар;<br><br>Берийн исбаьхьаллийн | Лакхарчу тобанера береш | Кхетош - кхиорхо |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | Коьчал:<br>«Тхан доьзал» сурт диллар.<br><br>Берийн п1елгашца долу ловзар «Доьзал»<br><br><br>Сюжетно-ролевой ловзар «Доьзал» | дарсах йолу говзаллаш гучуйахар.<br><br>Берашна п1елгашца долу ловзар ненан маттахь довзийтар<br><br>Берийн шайн доьзале йолу марзо ч1аг1йар | | |
| 31.03.22 шо Еарийн де | «Вайн Даймохк» жима дийцар. Берийн хрестомати т1ера<br><br><br>Шах1ид Рашидовс язйина «Даймахке безам» ц1е йолу байт дагахь 1амор<br><br>Исбаьхьаллийн дарс «Сан Даймехкан хазалла» Сурт диллар<br><br>Берийн каде ловзар «Хьаша ларвар» | Берийн Даймахке болу ларам ч1аг1бар;<br>Ненан мотт, Нана, Даймохк- цхьа з1е юй хаийтар<br><br>Берийн Даймахке болу безам ч1аг1бар;<br>Ненан маттах долу къамел кхиор.<br><br>Шайна гуш йолчу х1уманан кеп ган а, и х1отто а 1амор;<br>Даймохке болу безам ч1аг1бар<br><br>Ловзаро кхиадо хьешаца г1иллакх лело дезий хаийтар, чехкалла, каде хилар. | Лакхарчу тобанера бераш | Кхеташ-кхиорхо |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 03.04.22 шо. П1ераскан де | Бераш ненан маттахь дечу къамелаца, маршалла а хоттуш т1еэцар.<br>«Марша да шу, хьоме бераш…»<br><br>Дарс «Яха хьо г1оза – сан хьоме Нохчийчоь»<br><br>Берашна ненан маттахь йолу сада1аран минот 1амор<br>«Г1иллаккхе верг наха лору…»<br><br>Берийн сюжетно-ролевой «Туькана дахар» ц1е йолу ловзар довзийтар | Бераш хазачу, к1едачу ненан маттаца дог хьостуш т1еэца марзбар;<br>Ненан маттах долу къамел кхиор;<br>Берашна ненан меттан к1адалла, хазалла гайтар.<br><br>Берийн даймахках лаьцна долу хаарш совдахар;<br>Даймохк беза, лара 1амор.<br><br>Берийн лацаделла дег1маш меттахдахар;<br>Ненан маттах долу къамел къиор.<br><br>Берийн дозуш долу къамел кхиор;<br>бертахь цхьаьна ловза 1амор. | Лакхарчу тобанера бераш | Кхетош - кхиорхо, методист |
| 04.04.22 шо Оршот де | Бераша, кхетош-кхиорхочо 1уьйре дика йеш, вовшашка маршалла хаттар.<br>(1уьйре дика хилла хьан, Сахьаб, кхин д1а а иштта) | Берашца ненан маттахь 1уьйре дика а йеш, вовший ц1ераш дагахь 1амор; ненан маттах долу хаарш шордар | Лакхарчу тобанера бераш | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | Берашца къамел (беседа)<br>Коьчал «Со»<br><br>Дидактический ловзар «Инзаре т1оьрмиг» | Берашна шай дег1ан межений ц1ераш ненан маттахь йовзийтар;<br>Ненан маттах бераш ца кхеташ долчу дешнашна т1ехь болх бар<br><br>Берашна хасстоьмийн ц1ераш ненан маттахь шарйар.<br>П1елгийн эшарехь уьш йовза 1амор | | |
| 05.04.22шо<br>Шинари де | Ненан маттах долу х1етал-металш;<br>Кицанаш, чехкааларш. | Берашна вай къоман х1етал-металш, кицанаш,чехкаалар ш довзийтар;<br><br>Уьш вайн къоман барта кхолладелла дуй хаийтар | | |
| | «Б1аьстенан 1алам» ц1е йолчу суьрта т1ехь болх бар | Берийн ненан маттахь 1аламан хийцамаш бовзийтар; сурта т1аьхь гушдерг схьадийца 1амор | | |
| 06.04.22<br>Кхаарийн де | Ненан маттах туьйра х1оттор «Хьонке дахана бераш» | Берашна вай къоман туьйранаш довзийтар; туьйра ловза 1амор;<br>Берийн дозуш долу къамел кхиор | | |
| | Берийн каде ловзар «Ану-бабин г1езаш ю»<br><br>Берашца «Нохчийн г1иллакхаш» ц1е йолу дарс д1аяхьар | Берашна вай къоман ловзарш довзийтар;<br>Берашна вай къоман г1иллакхах лацна долу хаарш совдахар; ненан маттах къамел кхиор | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 07.04.22шо еарийн де | Берашна даймахках льцна эшар 1амор<br><br>Берашца къамел «Нана»<br><br>Ненах лаьцна киценаш<br><br>Ненах лаьцна байт 1амайар.<br>Дидактически ловзар «Уггаре к1еда, хаза дешнаш хьа эр дара нанна лерина» | Берийн Даймехке болу безам, дозалла кхиор<br><br>Берийн нене болу безам т1еч1аг1бар; ненан маттахь берашна шай наношна муьт1ахь хила везий хаийтар<br><br>Ненах лаьцна долу къамел кхиор; ненаца йерг-дуьненчохь уггаре мерза марзо йуй хаийтар.<br><br>Берийн нене болу безам, ларам ч1аг1бар<br>Берийн ненах лаьцна долу хаарш совдахар. | | |
| 08.04.22 шо п1ераскан де | «Ану- баба йолче хьошалг1а»<br>дарс д1аяхьар<br><br>меттаххьеран ловзар «Ану- бабин г1езаш ю»<br><br>бераша «Овкъар йо1» (Золушка) ц1е йолу туьйра х1оттор | Берашна з1акардаьхний довзийтар;<br>Баккхийчарга лерам хила безий хаийтар.<br><br>Берийн ловзарехь йолу уьйраш ч1аг1йар, берийн могашалла ларъйар»<br><br>Берашна туьйра ловзо 1амор.<br>Царна кхечу къоман туьйранаш довзийтар» | | |
| | Къонахчун васт | Берашна дахарехь вон - дики довзийтар; | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | Лело дезарг, дита дезарг муьлханиг ду хаийтар | | |
| 11.04.22 шо | Берашна юкъехь къовсам «Хаарийн б1ов» | Бераша шаьш 1амийнарг карладоккху, проект ерзайо | | |

**Проект кхочуш йина хан.**

**Проект йолийна 29.03.2022 ш. – чекхяьккхина 11.04.2022 шарахь**

**Сатуьйсуш болу бисам:** берашна шайн ненан мотт шарбан а, ларбан а, цуьнан ларам бан а 1амар.

Проект кечйеш лелина йолу исбаьхьаллийн литература:

«Сан къоман хазна» - Абдрахманова Ж.М.

Джунаидов С.С

Берийн бошмашна лерина йолу хрестомати-Эдилов С.Э.

Нохчийн фольклор,

Доттаг1ий-Сулейманова Зайнап,

Нохчийн къоман г1иллакхаш ламасташ - Хожа-Ахьмад Берсанов,

Берийн каде ловзарш – Аслаханов Саид-1али

Сан хьалхара книга-Алихан Динаев.

Ма бицбе вай, ма г1елбе вай, д1а ма тетта вай, самабаккха вай, серлабаккха вай, везачу Дала шен сийлахьчу лаамца вайна белла болу нохчийн къоман мотт!